1936 гъэм, СССР-м и Конституцэщ1эм и сэбэпкІэ, ди республикэм и статусым зихьэжьауэ, Къэбэрдей-Балькъэр АССР кьыфІащауэ щытащ. Абы и Конституцэ иІэжьын хуейщыхьуэм, мыхьэнэшхуэ зиІэ а дэфтэрри зэпэщу ягъэхьэзырат. Абы и 19-нэ статьям зэриты кІэ, республикэм и кьэрал властым и органэрыпэр, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэр Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэр. А Советым х этхэр ягъэ хьэзырырт, щыху миниплІ кьэс зы депутат хахыурэ. Зэрыхах пІалъэр нэхъапэхэм зы илъэсу щытамэ, республикэм и статусыр зэрахьуэжу, илъэсиплІ ящІат. Депутатхэм я нэхъыбэм Іэ зыхуаІэта унафэр кьащтауэ яльытэрт.

Демократием и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыт лъэпкъищым (адыгэм, балькъэрым, урысым) я анэдэлъхубзэмкІэ кьэрал Іуэхуэр, зэрызэрахьэр, хабзэхэр, унафэхэр кьыІэзэрыдагъэкІыр.

Совет Нэхъыщхьэм хэтхэм я зэхуэсым щыхахырт унафэщІымрэ абы и кьуэдзэу тІуРэ. Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр щыхуиІэ ящІ зыт лъэпкъищым (адыгэм, балькъэрым, урысым) я ан

Шынэ зымыIэ адыгэлI

Арат къызэреджэр Ныбэжь Хьэмид зауэ гуащIэм ныбжьэгъу къыхуищIа сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ лIыгъэ щыIэзыхьэу псэуху къыхэхьажэм ящыIыгъу нобэ ЩIэбэлыкIуэ къуажэм дэсыж нэхъыжь зытхухьм ящыIщу мы гъэм щыIышIоIм и 3-м зи ныбжьыр илъэс 91-рэ иригъэ Ныбжьэ Хьэмид. Къыпхуэмыдэтэным хуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ гъащIэм щызышъа а цIыху щыгъэм апхуэдиз ныбжь иIэу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэкъым: бжьыфIэщ, уэшншэ, и акъылыр иджыри апхуэдизкIэ жанщи, балигъ зэрыхъуурэ илъэгъуа псори щымыгъупщжауэ ещIэж. ЕщIэж зыхэта частхэм, полкэм, дивизэхэм я номерхэр, абыхэм я командирхэм я унэщIэхэр, фашистхэм кьыIэщIагъэкIыжьа кьалэхэм, кьуажэхэм зэреджэу щыта нэгъунэ. ШIэч хэлъыкIи ильэс бгъуищ гъэугъаиз къэзыкIуу ди зэманым апхуэдэ теплъэрэ уэшншагъэрэ зиIэу къызэтена мы лIыкIи щIалэгъуэм икъуэIэ IуэхугъуэкIуэ дыдэ зэрыкъуэфIэкIам.

МылIэр ильэ мэхъу, гугъуехьым цIыхур игъалIэркъым, жаIэ. А псалъэхэм я купщIэр Хьэмид дежи аргуэру зэ наIуэ къыщIыхьуэ. ЩIалэм и ныбжьыр илъэс пщыкIутI хъуа кьыдейт и анэр дунейм щеIыжам. Абы и ужькIэ игъэхьэ дэкIри и адэрэ школ зыуухэзэм яхэту дэзлажьэм, унашхэм ЩIэхухэри зэшхэзэпIуу ищIащ. Ар къыщыIыхьуэ лIыгъэ ди гугъуехьгъэ. Ильэс 18 зи ныбжь щIалэм и пщэм кьыдэхуащ ёзым нэхъыпэ нэхъыщIэ и анэкIыльхуищIу пIыныр, егъэджэныр, гъэсэныр.

Апхуэдэ щыкIэкIэ, щIалэ дыдэу Хьэмид и IэпкIэльапIэмрэ и акъылыр гъащIэ гугъуехьгъэм ипсыхьащ.

- Ар сэ зауэ зэманым ину къыщыхьэпэжащ,- къеIуэтэж нобэ Хьэмид, - Іэщх сIыгъыу бийм сыщыпэщIоувам сыт хуэдэ гугъуехьми сыпIэлъэщыфу сесакIэт. Мэжэщлалгъэрэ, щыIэрэ, псыIэрэ сшIэщфырт, сымышхуэ, псыи семыфэу махуитI-щы къысхуихуэми, командирхэм си пщэ къыдалъхьэ кьалэхэкэр дагъуэнщэу згъэзэщIэн кьанэрэтэкъым. Гугъуехьым нэхъ кьигъэдзыхь си ныбжьэгъухэм ар я гъэщIагъуэрт.

«ЩыIэр зымыщIэ, гъущIипсэ зыIут адыгэлI» зауэдэуэт и зауэгъуэхэр Хьэмид кьыгъэреджэр. ИКи а цIэр ди лъэпкъэгъу хахуэм мазуэ кьэс кьыгъэпIэлIэу ныбжькIэ игъэпхыкIт. Ар наIуэ кьыпщIэщIэ дэфтэрхэр, къэрал дамыгъэхэр кьыдзэрыратамкIэ щыкъэт зытытхэр, командирхэм я приказхэр, газетхэм кьэгъэжа зытитхэр, суртхэр, зэманым фагъуэ, гъуабжэ ищIахэр и куэдщ. Ныбжьэ Хьэмид ИкIи нобэ сакъыу еххымэ.

Зауэм зэрыхэта илъэсищым абы хахуагъэрэ лIыгъэу кьиIэтъэгъуаи я хьыбарыр зы гъэет тхыгъэм кьыпхуигъэтIысащ. Щыкуэм. Дэрэ апхуэдэ кьалэн зыхуэдгъэзывэжыркъым, ауэ абы зауэм щигъэхьазм ящыIэу нэхъ хьэлэмэт тщыхуэхэм кIэщIу дытепсэлъыхьынщ.

- Сэ си насыпт кьрихьэкIыу сызыхэхуа дзэм ухэту лIыгъэ зэмыкъон пIъэкIынутэкъым, - жаIэ Хьэмид.

Абы зи гугъу ищI дивизэр гвардейскэт, зэрихьэ лIыгъэшхуэзэм ыцIэкIэ Бэракъ пIыкъжьэхэ щIэ пIъапIэр кьыфIащ. Суворовым и орденыр кьыхуагъэфэщат, бийм щебгъэрыкIуэкIэ, пIэIуэ ящI хьэуа-десант дзэ пажэт. Дивизэр зыкьыдэкIуэ ящ гвардейскэ армэри зи хуагъэкIэ цIэрыIуэ хуэдиз щыта ЕтIуанэ Украинэ фронтыр.

ЯпэдыдэУ Хьэмид зэрэщIыдзар 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и сэлэтущ. Ростов областым хьыкъэ Дал губгъуэм дежI Ныбжьэкъэ зыхуэ-

та дивизэм 1942 гъэм и тIасыхуэм къыщыхтехьауэ щыта, нобэ псори дызыщыгъуазэ лекIишхуэхэ Хьэмидиз тъэвын хуэй хъуащ - ар яхэтащ сашхуэ фIэкIа нэгъуэщI Іэщэ ямыIыгъыу нэмыщэ танкэм япэщIэува щуэкIи ныжьэкъэм.

- Си насыпт къиKри, - игу кьелъэкIыж Хьэмид,- а губгъуэщхэм лажьэ ямыIэу икIуэда ди сэлэтхэм, офицерхэм сахэхуэтекъым. Зауэ нужькIэ зауэр ихуаиуэ зы махуэ зыщыщIэгъэщIащкъым Іэщэншэм, бийм кьыпимыкIуэту я Хэкум папщIэ зи псэр зыгъэзэщIэу ящыIам я лъыр сщIэжьыну кьыззэрыстехуэр. Тхъэшхуэм а лъэхъэнэ бзаджэм псэуу сыкъыщIрихарэ арауэ кьысщохьэуат.

Апхуэдэ гуращэ Хьэмид зэрыразгъэхъуIар кьрибгъэлъэгъэуну ирикъунщ ар, лIыгъэр хахуагъэкIэ япэ кьыригъэщI щыIыр, шынэ зэримыщIэр жэщи махуи наIуэ кьищIу, зыхэта зауэ гуащIэхэм я цIэр кьипIуэн кьудейр. Ахэр Сталинградщ, Курскэ дугъэжьуэ ящIэрщ, Харьковщ. Апхуэдэу Ныбжьэм лIыгъэ щызэрихьащ Днепр пСышхуэм дзэхэр щызэпсIыкIым. Корсунь-Шевченковскэ кьалэм и гъунэгъуу щекIуэкIа зауэ гуащIэм.

- А зауэ гуащIэхэм, дыдейхэри бийкIри я пIалъэ щыIэкъым, - жеIэж Хьэмид, - дэтхэнэ зыри хьэзыгрт метр зыбгъупщIкIэ япэкIэ кIуэтам щхьэкIэ и псор итыну. Дэри зы дакъикъи дигу къэкIыртэкъым а мафIэ лIыгъейм псэууэ дыкъыхэхьэкIыну. Псоми ди мурадыр зыгъэдамыукI щыкIэ бийм сыт хуэдизкIи нэхъ зэрыщIэгъэщхьэ зэреттыныгрт. Зэкъым-тIэуэкъым сэри псэзэпIыхьэпIэ сызэрихьар.

- Курскэ дугам деж дыщызауэу, - етхыж Хьэмид и унафэщIу щыта Муравьев А.И., - дуней псом щыIэ зыхьэщIыкIыжьутэфын щымыIэу нэмыщIэхэм я сэлэтхэм а танк абрагъэуэкэр зэтракъутэу щIадзат.

Адэкъэ, Муравьев щыхьэт зэрытехьэмкIэ, ди дзэхэр Днепр зэпрыскIыну щебгъэкIыжьауэ, Хьэмид топышхэмрэ къуэхьлъатэхэм кьарапхъэх бомбэхэмрэ кьагъэкъуубгъ я псы куурэ зыхидзари, бадзэр уфорэнкIыу псым хэхуа сэлэтэ офицеру зы гуп ажалым кьриIэлащ, езым пхъэбгъу кьуэтахуэкэр зэрыкъэсэбгъупэ зэпрыскIри, сэлэтхэм пладарм яхуэхъуну щыIпIэ шынагъэунэшъ кьиухуащ.

Днепр дежь къыщыгъэнгъуа лIыгъэм, хахуагъэм, Іэмалым хуэдэ дыдэ Днестр псыр кьыщIидтэмэ Ныбжьэм къыкъуэкIащ.

Дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэр, ящыгъуэ тщIа, штабым и унафэщI Муравьеври щыхьэт зэрытехьэмкIэ, зэман щIагъуэ ямызэхуакуурэ, Ныбжьэм и хахуэ зэрыгъэкIа командованиер игъэгубгъэт.

Мис апхуэдэ зы Іухэгугъэ. Знаменск кьалэр фIыкIи къыщIэгъэкIынкIыну щебгъэрыкIуэн, ди сэлэтхэр, я кьиэзэтригъэувыIащ быдапIэм пулеметкIэ кьиукI фашистым. Дзотыр ирикъутэну псом япэрэ зыхуащ сержант хахуэ Ныбжьэ Хьэмид. Абы хуэдэфIэкIащ нэмыщIэхэм закъримызэпIагъуэу быдапIэм бгъэдэпщхьэу пулеметхэр кьиукI фашистым. Дзотыр икъутэну псом япэ ярэзэныхуащ сержант хахуэ Ныбжьэ Хьэмид. Абы хуэдэфIэкIащ нэмыщIэхэм закъримызэпIагъуэу быдапIэм бгъэдэпщхьэу пулеметхэр кьиукI фашистым. Іэкъуэгурэ иридзэн.

Дамыгъэ лъапIэ къратын папщIэ ягъэхьэзыра тхыльхэм ящыщ зым мыпхуэдизу итщ: «Зэуэгъэм бгъэтэлъэгъэ, офицерхэр зэпыщIэныр зи кьалэн, гвардием и сержант Ныбжьэ Хьэмид 166,5 лъагапIэр ойлъ кьыщIэщIагъэ. Ижьым лIыгъэщхэу зэрихьащ. Телефоныр щызэIыхьэм, а лIы хахуэм подразделенэхэм икIэщIапIэкIэ Іэригъэхьэзыр батальоным и командирым и унафэр, зэуапIэм Іутхэм я Іуэху зытетым ёзы командиром щыгъуазэ ищIыр. А лъагапIэм дежь щызэрихьа лIыгъэм папщIэ 1943 гъэм дыгъэгъаззм и 10-м Хьэмид кьыхуагъэфащауэ щытащ «За отвагу» медалыр.

1944 гъэм щыщхьэIум и 21-м ди хэкуэгъу хахуэм аргуэру лIыгъэ щызэрихьащ Румынием и кьалэ Белеешти кьыщащтэм. 1945 гъэм гъатхэпэм и 25-м Горн псыежьэм псом япэ зэпрыкIахэм, зи хахуагъэкIэ адрей сэлэтхэр Іэхуэм тёзыгъэгушхуахэм яхэтащ. Нобэ жаIэ. ЕтIуанэ махуэм Теков-Шармуки кьуажэр кьыщащтэм, ар псом япэ абы дэтъадэри бийм и зы автомашинэ, зауэ хуэхуэщIэ куэд ильу, икьутащ, зы мыщIэ сэлэтищ зэтрикIащ.

А лIыгъэхэми я пщIэр кIуэдакьым - 1944 гъэм фокIадэм и 3-м абы аргуэру кьратащ «За отвагу» медалыр. Малауни, Брук, Правидзи кьалэхэр кьыщащтэм щыIэу зэрихьа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ ёзы Сталин Иосиф дыдэм фIыщIэ тхыль кьыхуигъэхьауэ щытащ Хьэмид. 1945 гъэм мэлыхьыкьым Нюрнберг и дамыгъэхэм кьахэхъуащ сэлэтхэр зэрагъэпажэу щыта дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Вагъуэ Плъыжь орденыр, мужьыгуэкIэ - Хэку зауэшхуэ орденым и яп1э нагъыщэр.

Хьэмид зэрыжиIэжьмкIэ, ищхьэмкIэ зи гугъу тщIа, дивизэм и штабым и унафэщIу щыта Муравьев А. И. щыхьэт зэрытехьэмкIэ, Ныбжьэм зауэм щыIэзрихьа лIыгъэмрэ Іуэм ди дзэкIэ ящыIэ. Псоми ди мурадыр зыгъэдамыукI щыкIэ бийм сыт хуэдизкIи нэхъ зыгъэпIэнгъэшхуэ зэреттынырт. Зэкъым-тIэуэкъым сэри псэзэпIыхьэпIэ сызэрихьар.

- Курскэ дугам деж дыщызауэу, - етхыж Хьэмид и унафэщIу щыта Муравьев А.И., - дуней псом щыIэ зыхьэщIыкIыжьутэфын щымыIэу нэмыщIэхэм я сэлэтхэм а танк абрагъэуэкэр зэтракъутэу щIадзат.

Адэкъэ, Муравьев щыхьэт зэрытехьэмкIэ, ди дзэкэр Днепр зэпрыскIыну щебгъэкIыжьауэ, Хьэмид топышхэмрэ къуэхьлъатэхэм кьарапхъэх бомбэхэмрэ кьагъэкъуубгъ я псы куурэ зыхидзари, бадзэр уфорэнкIыу псым хэхуа сэлэтэ офицеру зы гуп ажалым кьриIэлащ, езым пхъэбгъу кьуэтахуэкэр зэрыкъэсэбгъупэ зэпрыскIри, сэлэтхэм пладарм яхуэхъуэ щыIэ щыхьэщ. Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхьэщ капитанэр сыкъыщалъэгъуэм, псори зыгъэпIагъуэ Іэпэ Іэ къыслъхьащ.

Абыхэм сакъыщIэкIри, училищмкIэ сунэтIащ. УниверситеткIэ ущрамыщ щыIэзэуэ фельдшер-акушер еджапIэм нэс лъэсу укIуэмэ, дакъикъэ 20-кIэ унэсырт, трамвайм уитIысхьэмэ - нэхъ псынщIэжу. Ауэ а махуэм сэ еджапIэм сынэсыж щхьэкIэ сыхьэтрэ ныкъуэкIэ гъуэгу сытетащ. Псори зыIэпIэла текIуэныгъэр яIэхьэлапIэу Псыхуэгъэ и уэрамхэм дэт гупхэм уакIуэцIрыкIыну гугъут.

ЕджапIэм сыщынэсам, абы щеджэ хъыджэбзхэр «Ура!»кIэ я жэгуакуэ зыкъыпежьэри, Іэпэ Іэрэ бакIэ сыщIагъэнат. Еджапэм и унафэщI Янковскэм адэкIэ дерэжэ зэрамыIэтыр къащыжрипIэм, ахэр гуфIэу зэбгрыкIыжащ. Сэ гъуэ сахуэхъуат Есэнтiыгу кIыну ежьа гупым. Пятигорск и уэрамхэм щIыхуэхэр куэду дэтти, уэзэжьэмыуэу уэзэдэкIыфиртэкъым. Электричкэм щIыхуэхэр щыIут. Пятигорск хуэдэ дыдэу, Есэнтiыгу и уэрамхэми текIуэныгъэм и махуэр зыгъэпIапIэ щIыхуэхэр щыIэрыгъэжьами, гуфIэгъэрэ зи нэгум кьрих щIыхуэхэм зэбгрыкIыжьынуи ягу кьэкIыгрэтэкъым. Псом хуэмыдэу псалъэ гуапэ куэд а махуэм кьалъысащ зауэлI фащэр зыщIыгъуэ уэрамым дэтэхэм.

А махуэм Пятигорск кьэзгъэзэжа нужь, Днестр деж уIэгъэ хьэлъэ щIыхуэ, 683-нэ полкым и парторгыщ щыта Шолохов Алек сандр деж сыкIуащ. Дэ дигу кьэдгъэкIыжащ дызыхэта 151-нэ фочауэ дивизэр, ящIэрэзэуэ ди ныбжьэгъуэр, ёкуэныгъэ пIалъэм и щIыхкIэ, абы папщIэ зи псэр зыта сэлэтхэм я цIэкIэ бжьэ зырызэ дефэри, сэ унэм сыкIуэжащ. ПщIыхьэпIэхэ хъуами, ёкIуэныгъэм и яп1э махуэр зыгъэпIапIэ щIыху куэд иджыри уэрамхэм дэтт. Кьалэм уэрэд жиIэрт икIи кьафэрт, гуфIэрт икIи гъырт.

ПОЛИЩУК Иван,
дзэм къыхьэIыжьа майор.

1941 1945

СССР-м и къэрал гъунапкъэр ягъэбелджылы. *1944 гъэ*

• Жыжьэ - гъунэгъу

Зэгуэри щыгъупщакъым

МЕДИЦИНЭкъулыкъым и лейтенант Къатинэ Муузин и гъащIэм ТекIуэныгъэм и Махуэм увыпIэшхуэ щебыщ. Илъэс къэс ветеранхэм я гъусэу абы егъэлъапIэ ди Дзэ Плъыжьым дуней псор фашистхэм я пщылIыпIэм къыщыщIигъэкIыжа Накъыгъэм и 9-р.

Къатинэ Муузин къыщыхьуар советхэм я плъэхъэнэм мэкъумэш Іэнатlэм ехъулIэныгъэ инхэр щызиIэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхъжь щIэлъапIэр зыуэгъэфэща Гъавэгъэкl цIэрыIуэу щы къызыдэкIа Арщыдан адыгэ къуажэжьыщ.

А илъэсхэм щIалэгъуалэр щIэныгъэм хуэнэхъуеиныштэ. Муузин и ныбжьыр 1943 гъэм и щIымахуэ ткIийм Новороссийск дагъэIэпэхьуат. Зэхэуэ гуащIэ кьыззэрытэщIытар наIуэт. Фашистхэм я мурадт Гитлер кьыщащхьуа мазхуэм хуащI тыгъэ папщIэу ди дзэхэр абдеж щызэтракъутэну. Мэлыжьыхьым и 17-20-хэр ди дежкIэ пссэзэпIыхьэпIэт. Мазхуищым кьурибудзэу си закъуэ

зэуапIэ Іэнатlэм ylэгъэ 200-м щIигъу кьыIусхуэу щытащ»,- кьеIуэтэж Муузин.

А зэхэуэ гуапэм кьыщыщIэлъэгъуэ хахуагъэм папщIэ, Къатинэм Вагъуэ Плъыжь орден кьыхуагъэфащащ.

Иужькl 276-нэ фочауэ дивизием хэту Украинэр хуит кьыщIыщIыжьым, адыгэ щIалэр ylэгъэ мэхъу. Ноби абы и лъэгуажьэ зэрытыпIэм бийм и гранатэ кьутахуэр хэлъащ.

1945 гъэм и гъатхэм, текIуэныгъэр кьыщыблагъэ дыдэм, Муузин гуаущIэуэ кьыпIолIэс - и ныбжьэгъу хуэныкъуэ ящIэхьэфIыр хоIуадэ.

- Топышэхэм защытхъумэу мэз пIалъэм ящIэж дыщыIут. Ди зы зауэлI уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щысльагъэм, сыкъыщолъэтри абыкIэ щыIопхъэу. Си ныбжьэгъу нэхъыфI Петров Иван

нэпIэзыпIэм сыуедэзри, топышэ кьытхуэкIуэм сыкьрегъэл, езыр хокIуадэ. Абы лъандэрэ ильэс 60-м щIигъу дэкIами, а дакъикъэхэр зы махуи сщыгъупщэркьым», - игу кьеIэжькIэ Къатинэм.

Къыгъэзэжа нэужь, Муузин медицинэм и лажьакIуэхэм я профсоюзым и область комитетым кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэзэщIащ, «Кхъужьей хадэ» пансионатым и унафэщIу щытащ. Хэку зауэшхуэмрэ дзэ кьулыкъумрэ я ветеранхэм я республикэ Советым и тхьэмадзэ щытIэрэ жьалгъуэм зегъэужьыным, Налшык кьалэм и щIалэгъуалэм патриотгъэсэныгъэ етыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Ар гулыбгъэнэшу кьэнакъым - 2005 гъэм абы фащащ «Лъэпкъым и Іэмал» щIыр. 1943 гъэм и щIымахуэ ткIийм Новороссийск дагъэIэпэхьуат. Зэхэуэ гуащIэ кьыззэрытэщIытар наIуэт. Фашистхэм я мурадт Гитлер кьыщащхьуа мазхуэм хуащI тыгъэ папщIэу ди дзэхэр абдеж щызэтракъутэну. Мэлыжьыхьым и 17-20-хэр ди дежкIэ пссэзэпIыхьэпIэт. Мазхуищым кьурибудзэу си закъуэ

зэуапIэ Іэнатlэм ylэгъэ 200-м щIигъу кьыIусхуэу щытащ»,- кьеIуэтэж Муузин.

А зэхэуэ гуапэм кьыщыщIэлъэгъуэ хахуагъэм папщIэ, Къатинэм и мурадт Гитлер кьыщащхьуа мазхуэм хуащI тыгъэ папщIэу ди дзэхэр абдеж щызэтракъутэну. Мэлыжьыхьым и 17-20-хэр ди дежкIэ пссэзэпIыхьэпIэт. Мазхуищым кьурибудзэу си закъуэ

зэуапIэ Іэнатlэм ylэгъэ 200-м щIигъу кьыIусхуэу щытащ»,- кьеIуэтэж Муузин.

А зэхэуэ гуапэм кьыщыщIэлъэгъуэ хахуагъэм папщIэ, Къатинэм

Шыпсэм кIэ зэригъэтар

Бий бзаджэм лIыхъужьу пэщIэтахэм ящыщ ди республикэм икIахуу Джатэжьокъуэ Хьэжпагуэ, Зандов Къурмэнбий, Кебеков Мухьэрбэч, Блэныхь Хьэмид, Балъкъэр Хьусейн, КIуащ Алий, Багъ Тембот, Сижажэ Хьусен сымэ, нэгъуэщIхэри.

Советыдзэхэр кьызэтемыувыIэу ипэкIэ кIуатэрт. Мазищым кьриубыдау абыхэм хуит кьащIыжащ Елец, Тихвин, Калинин, Волоколамск, Наро-Фоминск, Калугэ, Козельск, нэгъуэщI кьалэхэри.

А зэман кIэщIым совет зауэлIхэм зэтракъутащ бийм и автомашинэу мин 15, тону 2500-рэ, танкыу 1300-рэ, зэтрауКIащ фашистхэм я дивизэу 16-м щIигъу.

Москва и Іэгъуэблагъэхэм щызэрахьа лIыгъэ иным кьыпэкIуэу ди сэлэтрэ офицеру мин 36-м кьыхуагъэфэщат Хэкум и дамыгъэ лъапIэхэр, 110-м кьыфIищат Совет Союзым и Лhыхъжь щIэ лъапIэр.

Нэхъыщхьэращи, а махуэхэм кIэ игъуэтат Германием и дзэхэм зэи зыри кьаззэрымэлыпэщыным теухуа шыпсэм.

Маршал Жуковым и тхыль цIэрыIуэм, «ГукъэкIыжжэр» зыIущIащ, итщ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Хэку зауэшхуэм и зэманым нэхъ гукъинэж щыхьэхуамкIэ журналистхэр кьыщыззэупщIкIэ, сигу кьызэгъэкIыжьа Москвэ пэгъунэгъуу щекIуэкIа зэхуэу гуащIэр. Ахэр лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэшхуэт ди цIыхухэм я дежкIэ. ИкIи жыпIэ хъунущ ди зауэлIхэм я кьалэнэр нэсу

ягъэзэщIауэ, зэи мыкIуэдыжьи щIыхь абыхэм зауапIэ губгъуэхэм кьыщащхьауэ».

Ар газетхэм ябзыщIат

СызэрыцыкIуэр фIыуэ сольагъу кургъэр. Абыхэм кьахэкIащ цIыху цIэрыIуэ куэд: Руставели, Гурамишвили, Багратион, пащтыхь гуащэ Тамарэ, нэгъуэщIхэри.

1942 гъэм, зауэм ylэгъэ сыщыхьущ, госпиталым сыщагъэхьэжри, Тбилиси мазхуэ зыбжанэкIэ зыщысIэжьжащ, дзэм сыхагъэхьэжыным сыпэплъэу.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, «Георгий Саакадзе» фильмым деплъыну ди мураду, уриф офицер щыбжанэ кинотеатрым дыкIуат. Дызэплъыну фильмым хэтIыхьужь нэхъыщхьэм и гугъу тщIыуэ дыщыуэршэрым, Саакадзе и унэцIэр мытэмэжу къэтпсэльауэ жаIэри, тпэгъунэгъуэу щыта бзылъхугъэхэм, кьытщIэнакIэу, тхуэмыфащэ кьыдапэсу щIадзащ. Ар си жагъуэ хъуати, мыпхуэдизу кьызэкъудзкIащ: «Дэ фи лъэп-къэгъу Сталиным папщIэ лъы догъажь, фэ ауан дыкъывощI». «Сталиныр куржыкъым, журтщ, - жаIащ бзылъхугъэхэм, - фыхуэмеймэ, лъы фымыгъажэ».

Ар икъукIэ си гум щIыхьат. Ауэ етIуанэ махуэм си нэгум щIэкIар нэхъ Іеижщ: гъущI Іуэгъу вокзалым и деж зэрыхьэзрий кьыщIэтри, щызэзэуауэ, щызэрыкIауэ щытащ куржы милиционерэмрэ урыс хьэдзэI гупрэ.

А кьэхъутэ ильэуджэр газетэхэм ябзыщIат. Ауэ ар щIэх-щIэхыурэ сигу кьокIыж, иджырей Куржым и унафэщIхэм, политикэ лэжьакIэхэм Урысейр зэраубыр, Абхазыр залымыгъэкIэ зыIэщIауэбыдэну зэрагъуатэр щызэхэхкIэ.

Даллес и мурадахэр

США-м и къэрал секретарь щытам сенатым и зэхуэс щэхум щиIа докладым щыщ пычыгъэ.

Зауэр и кIэм ноблагъэ. Мыгувэу дунейр мамыр хъужьнущ. Абы кьыхэкIыу дегупсысыпхъэщ СССР-м дызэрыпсэлъэтынум, дызэрытекIуэнум, къэдгъэсэбэпныпхъэ Іэмалхэм.

Абы и лъэпкъ зэбгрэкIыкIыныгъэ, щIымрэ іэжымрэ зэхэсбгъэзэрыхурэ, тхьэкIумэ зэрыгъэзэжыну. Ар дэ тхуэзэфIэкIыщ, Совет Союзым щыщхэр зыдэдгъэзэпыкъуурэ. Демыззэшу дгъэзэгъэзэн хуейщ ди ныкъуэкъуэгъэ кьэралышхуэм и цIыхубэр. Аэр щыдгъэуэн, дгъэзэгъэщIн хуейщ, гъуэзджэм, литературэм кьыбгъэдэтшурэ. Художникхэм яхэтщапхъэхэр гупсысэнщ, кьэхутэныр мыхьэнэншэу,зыри зыхуэмейуэ зэрыщытым пыщIа дерсхэр. Театрхэм щагъэлъэпхъэнхэр щIыхуэм и Іуэжь мыхьэмышIэхэр лIыхъужьныгъэ зыдыхьащ, зыгъэмыгъэр, кьыхьапагъэр, дыгъуэныр, фыщIэныр Іупщ1у зыIуатэ спектаклхэр, дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Къэралыр унафэщIэр щхъуэ хэтщапхъэщ цIыху цIыкIуэ зыIэпэуд Іуэхугъэхэм, Іульхьэ тышьм, кьеIыхьышьм, бюрократизмэм, щIы упсыным, фадэр офиным, дзыхь зэхуэмыщIыным, укIытэнщагъэм, нэгъуэщI Іэдэжми. Кудым гуЛьамытэурэ, лъэпкъэр зэдуштын, зэщыдгъэкIынхуейщ. Псом хуэмыдэу дегугъупхъэщ урысэр зэрыдгъэпэдыным, зэрыдгъэикIэным, ахэр нэгъуэщI лъэпкъэм кьалъагъу мыхьэу щытэкIи ищIащ.

ЦIыху пэрытхэр, нэмыс зыхэлъхэр, едудыхьпхъэщ, ауан тщIыпхъэщ, зэманым кьыкIэрыхьуу дгъэIупхъэщ. Нэхъыбэ дыдэу дызэлIэлIэн хуейр щIалэгъуалэр зэрыщIэгъэсэхьныгъэщ, ныбжьыщIэхэр пхъашэу, фыщIэмыщIэу, щхьэспынэу зэрыдгъэжьыпхъэщ. Ахэращ дгъэжьыпхъэр.

Дэтхэнэ зы балигъми зэрилъагъущи, СССР-р зэкъуэчыным теухуауэ Даллес зэхилъхьэгъа, зи гугъу фхуэтщIа программэр нэсу гъэзэщIа хъуащ. Иджы ди бийкэр толажьэ Урысейр зэхэкъутэным.

ИУАН ПЫТЪ.

Текlуэныгъэм и махуэр

• Гукъэкlыж

КЪЫТТЕУА бийм и къарум дыпэмыльэщу, 1941 гъэм дыкъыкIуэтын хуей щыIэкъым зауэм. Зауэ гуащIэ текIуэныгъэр кьызэрыгъэхьынр. Апхуэдэ фIэщхъыныгъэм кьару кьахихьэрт Москвэрэ Ленинградрэ, Одессэрэ Севастополрэ, Сталинградрэ Кавказымрэ зыхъумакъым. Нашлык дэт сымаджэщ 2441-м Белоруссием щызэрыта щIыпIэ уIэгъэр щызэтхъуэжу 1942 гъэм и мэлыжьыхь маздэм сыщыщIэтым, абы и комиссарыр кьызэпIуат я лэжьакIуэмрэ уIагъэ хуэдизу зауэлIхэмрэ папщIэ Германиер зэрыхэдгъэщIэнур зэрыхьэжьыншэм теухуа лекIэ сакъыуеджажу. Комиссарым и пэлъэр згъэзэщIащ. Нэмыцыжьм яIэмоторхэмрэ гъэсыныпхъэхэмрэ, Гитлер зи ІещIэ щыIналъэхэм щIыдагъэзу кьыщыщIэлъэтри, 1943 гъэм и кIэхэм зауэр ди текIуэныгъэкIэ ихуныну хуэзэпсэфащат сэ. Абы щыгъуэм сэ сщIэрэтэкъым зауэм кьыхьыхьэну хуэмей къэралхэм я мызакъуэу, США-ми гъэсыныпхъэр Германием кьызэрыритыр.

Кавказымрэ Сталинградрэ бийм и дзэр щызэтракъута нэужь, текIуэныгъэр кьызэрытхьыным хуэ кьытетхъэхьаужьыгъэ. Зауэм гуащIэ екIуэкIыхуэкIэ, ди фIэщхъуныгъэр нэхъ быдэ хъурт икIи совет щыхуэхэр псори темыпIэжу екIэжьрт текIуэныгъэм и махуэм.

ЕтIуанэу уIэгъэ сыхьуу, Пятигорск дэт сымаджэщ 3192-м зыщыщIэхьужа нужь, 1945 гъэм и щIымахуэ уIэгъэр щызэтхъуэжу 1942 гъэм и мэлыжьыхь маздэм сыщыщIэтым, абы и комиссарыр кьызэпIуат я лэжьакIуэмрэ уIагъэ хуэдизу зауэлIхэмрэ папщIэ Германиер зэрыхэдгъэщIэнур зэрыхьэжьыншэм теухуа лекIэ сакъыуеджажу. Комиссарым и пэлъэр згъэзэщIащ. Нэмыцыжьм яIэмоторхэмрэ гъэсыныпхъэхэмрэ, Гитлер зи ІещIэ щыIналъэхэм щIыдагъэзу кьыщыщIэлъэтри, 1943 гъэм и кIэхэм зауэр ди текIуэныгъэкIэ ихуныну хуэзэпсэфащат сэ. Абы щыгъуэм сэ сщIэрэтэкъым зауэм кьыхьыхьэну хуэмей къэралхэм я мызакъуэу, США-ми гъэсыныпхъэр Германием кьызэрыритыр.

Кавказымрэ Сталинградрэ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхьэуа капитанэр сыкъыщалъэгъуэм, псори зыIэпIэла текIуэныгъэр Іэпэ Іэ кьысхуащIыр.

Абыхэм сакъыщIэкIри, училищмкIэ сунэтIащ. УниверситеткIэ уэрамым щыщIэдзауэ фельдшер-акушер еджапIэм нэс лъэсу укIуэмэ, дакъикъэ 20-кIэ унэсырт, трамвайм уитIысхьэмэ - нэхъ псынщIэжу. Ауэ а махуэм сэ еджапIэм сынэсыж щхьэкIэ сыхьэтрэ ныкъуэкIэ гъуэгу сытетащ.

● Фэеплъ

Щоджэн Хьэбас и иужьрей усэхэр

Журналистхэ цIэрыIуэ АфIэунэ Рае ихъумащ, щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ фыхующIыпхъэу кIыпытэри, къыдихьэIащ усакIуэ Щоджэн Хьэбас иужьрей тхылъым хигъэхьэну игъэхьэзырауэ щыта усэхэр. Езыр игъуэ нэмысу дунейм щекъжьым, зи щхьэ щыпы-Iэм и мылъкур псыхэкIуадэ зэрыхьум ещхьу, тхылъ щхьэхуэ къызыIымыса, ауэ абы щхьэкIи зи фIагъыр зыфIэмыкIуэда усэгъэхэм щыщ Iэрамэщ мы-хэр.

Шэч хэмылъу, ар гунэс фщыхьунущ газетеджэхэм. Езы Хьэбаси ещхьу, абы и усыгъэхэр гуапэщ, щабэщ, бзэ IэфIщ. Щоджэнырэ, езым и псалъэхэмкIэ жы-тIэнщи, «къуэш псынэ лъащIэу зи гущIэр кьыбгурыIуэ», хьэлэлу, щIэщыгъуэу хуэу-сэрт гъащIэм, лъагъуныгъэм, адэжь щIынатIэм, лъэпкъ хабзэ тельыджхэм.

Си къуажэгъут Хьэбас. Зэзэмызэ дызэхуэзаамэ, щхьэщыгъуфIэ лъэпкъ хэмылъу къыхуиIуатэрт и Iуэхущафэхэр, мурадхэр. Зи гугъу ищIыныр и куэдт: ар щы-тащ гъукIэу, уэрэджыIакIуэу, къэфакIуэу, артистту, телевидениэм и режиссеру. И усыгъэхэм, уэрэдхэм щытхъушхуэ яIэт. Тхылъ ипшI кIыдигъэкIынэ хунэсакIэт. Уэрэдуохэр (макъамэтххэр) къепщIэпщIэкIырт...

И гъащIэр кIэщIу къыщIэкIащ зыхуэдэ щымыIуэщIагъэ бжьыфIэм, гумащIэм, зэчиифIэм. Илъэс щэщIым ноблагъэ Хьэбас зэрытхэмытыкIрэ. Ауэ ар си фIэщ схуэщIыркъым: къысфIощI усакIуэхэр дунейм ехьажми, я псэхэр уахътыншэу гъащIэм къыщынэу. Ар дыдэр къызжаIэ фи пащхьэм нислъхьэ усыгъэхэми. ФIыщIэджыкIыт...

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

Анэпсэр тыншмэ сигу мэзагъэр

Аргуэру рифмэхэр кьысхуокIуэр,
ЯщIыну жьакIуэ си сатырхэр.
Шым кьепсыхэр щах я щIакIуэр,
Си усэм хьихьэу зи гур пщтырхэр.

Хэти мэлыхьэущ, хэти гъукIэщ,
Кьыщопс жьэрыжьэу пщэдджьжь пшэплъыр.
Ахэр си гъащIэм кьыхьыхьакIэщ,
Усэ сатырхэм гуфIэу пхоплъыр.

Мэшэс щIалэщIэр фIым пежьауэ,
Артистым Гамлет егъэзащIэр.
ЩIакхьуэ тхьуэпль хуабэр игъэжьауэ,
Ди жьэгум щоблэр мафIэ гуащIэр.

Гупсысэ жаным и Iэ пщтырым
Мазэм щыщ Iыхьэ кьыгунчауэ,
Пищэну си ныкъуэтх сатырым
КьоюкIуэр хэку кхъухьым зырычауэ.

Рифмэхэм щэхуу кьуэвуаэ
Яп5 ба хуабэр щыззэхуащIыр.
Гуэль сатырхэм хэувауэ
Щыху псалъэ Iущхэм хасэ щащIыр.

Си усэм хьэщIэхэр кьоблагъэр,
Щ1ыр мэджэрэзэрэ ильщ си Iэплlэм.
Анэпсэр тыншмэ сигу мэзагъэр,
Темыльмэ хьэльэ щIыхум и плIэм.

2

Нанэ и ку эщIым, щхьэунаэз э,
Щ1ыкIуэкIыжь щIыкIуи щоджэрэзыр.
Сабий зекIуами кьымыгъаззэу
Кьекlухь, яIыгъыу Iэнэ нэзыр.

Кьурышбгъэ инхэр кьыхольэтыр,
Кьалэ уэрамхэм заукьуэдийр.
Борэныжь жьапщэм бгыр еIуэтыр
Щ1ихулыкIауэ и льэдийр.

Аркъэн идзауэ уафэхьуэпскIми
Пшэ уфыщIахэм зыщыредзыр.
Мазэм тенджызым зыщигъэпскIми
Гум лухэль дыгъэр зыпхыредзыр.

Нартыжь IуэхущIафэу ди хэку лIыгъэр
Уафэм и щыгум щызэфIащIэр,
Зэльыlухаэу вагъуэ щыгъэр
Хьыбар пщэдейми ирагъащIэ.

3.

Уэрэщ, уэрэдщи дэнкIи къэIур,
УсакIуэм гъащIэр еу сыж.
Си усэрщ сыткIи хьуапсэнэIур,
АбыкIэ усэм зеумысыж...
Сатыру гъащIэм сыт кьигъэщIми,
Ди щIыху гуапагъэр хьиремыкI.
Зэманым гъащIэр нэхъ хигъэщIми,
Щ1алэгъуэр ди щIым щхьэщымыкI.

* * *

Тхьэм ещIэр си гур щIэгужьейр -
ЗэрыслъэмыкIырщ Iуэху домбейр.
Щ1эгъэльэхьыIуу си тхьуэжьейр,
Зэрызмыкlуфырщ гъуэгу жьжьыейр.

Ауэ сэ хьэкъыу си фIэщ мэхьур,
Сымыкlу гъуэгуанэм пищэнщ къуэм.
Абы и хуарэри мэльэхьэр,
Кьыдэкlмэ зы кьуэм, дыкъыу кьуэм.

Къремыльыхъуэ абыи гъуэгу тынш,
Хэку дыгъэ ёзнир ирещI Iэпэгъу.
Сыхуейкьым хъуну ар фызынщэ,
Быныфlэ хъунри ирещI псэгъу.

Ди Iуащхьэмахуэ и уанэгуу
Ирепльэ гъащIэ дахэм игу.
Ирекlу гъуэгуанэр, фIыр и нэгуу,
ИмыгъэукIытэу щальхуа щIыну.

* * *

Псалъэ гуапэм уасэ щыщIэдмыткIэ,
Гуапагъэр уи гъуэсу гъащIэр хьы.
Щ1ым кьару мыуХыр кьыщыдиткIэ,
Гугъуехь псорн хъунуд плIэкI эпхы.

Щ1ыгуфIыкI уэ цIыхум фIы кьехъулIэм,
Хьымэ лъпкъым лIыфIу кьыхэкIар.
Абы, мес, хуэсакьыу ильщ и Iэплlэм
Гуфlэу пщэдджьжь дыгъэ кьыщIэкIар.

Псалъэ гуапэ жеIэ гъуэгу теувэм,
Гъуэгу гъу эмылэ ар абы хуэкъунщ.
Уафэ кьащхьэуэм б лыпкъкIэ ущIэувэм,
И шагъдийр махуэщIэм дэлъэхьэнщ.

Зыщцкхьумэ, си кьуэш, псалъэ щIыIэм,
Цlыхур тIэу щыпсэукъым мы дунейм.
Упсэжьжкlэ псалъэ гуапэу щыIэм
Я нэхъыфIыр жеIэ узыхуейм.

Цlыхум гуаэр дэIыгъыф уэ улIмэ,
Ар си лъэпкъым щыщщ и хабзэ тклийм.
Ауэ нэпсеягъэм уи гур илIмэ,
Уэ урещхьщ ирадзыжа пхьэнкIийм.

* * *

О, цlыхухэ, лIыгъэшхуэр зи тхыдэ,
Дэ сыту гуапагъкIэ дыбыдэ.
Псэухукlэ дэ цlыхум - дофыгъуэ, доиж, -
Лlар сыткIэ ди щытхъум хуеиж.

* * *

УзыдэмыкIыф льагапIэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр,
Гъэми щIыми уи гугъапIэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр.
Узылъэмыlэс хьуэпсэгъуэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр,
Уи насыпу, уи гуфIэгъуэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр.
Щауэ хьыжьэр зыгъэIэсэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр,
Лlым игу щэхур зыгъэусэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр.
И зэ пльэгъуэм уигъэхуабэу
щытын хуейщ хъыджэбзыр.
ГъащIэ Iэгуи псэу у эрэду
щытын хуейщ хъыджэбзыр...

Уэ къыдэкI

Уэ кьыдэкI, ныщхьэбэ кьыдэкI закъ уэ,
Дэ Налшык уэрамхэм дыдыхьэнщ.
Фlыу э зэрыльагъуэзр, ди мызакъ уэу,
Лъагъуныгъэ хадзм дыхьыхьэнщ.

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.
Уэ кьыдэкI, мазэщIм и кьуапитlым
Сэ гущэ хьуринэр пхуфIэздзэнщ.
ЗызмыгъэнщIу сэ сыгъэпль уи нитlым,
Абы и нур щабэр тридзэнщ.

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.

Уэ кьыдэкI. Акъужьым я нэхъ кьабзэм
И бзэ щэхум дэ дыщIэдэIунщ.
Лъагъуныгъэ кьабзэм и хабзэм
Дэ дыхуэпэжьыну тхьэ хуэтIуэнщ.

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.

Уэ кьыдэкI, ди кьалэр жеижами,
Псэм фIэIэфI уэрэди зэхэтIьэнщ.
Сэ уэстыну вагъуэхэр ижами,
Уи IитIым си гу ирещIэ Iэщ1эспхьэнщ.

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.

Уэ кьыдэкI, ди кьалэр жеижами,
Псэм фIэIэфI уэрэди зэхэтIьэнщ.
Сэ уэстыну вагъуэхэр ижами,
Уи IитIым си гу ирещI Iэщ1эспхьэнщ.

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.

Уэ кьыдэкI, жэщ гуапэм зиу дыгъуами,
Си жэщ кIыфIри хьуащ кьыхсуэбгьнэхэу.
Ди уэрам уэздыгъэхэр хьуами,
Дыззэгъусэу дгъэщIафынущ нэху...

Содэр, зы жьдмыlэу дыщыгъэс,
Ауэ уи зэ пльэгъуэ кьысльыгъэс.

* * *

Уи пащхьэм изольхьэ аргуэру
Си гъащIэм и гуащIэу кьэсхьар.
Си лIыгъэр ямыщIэ шы жэру
Сатырхэу гъуэгуанэ техьар.

Нал быди ящIэльхьым абыхэм,
Саурри я уанэр щымыт.
Пэжыгъэр яхэпльи езыхэм,
ХуэзмыщIу дзыхь зыри хэмыт.

Псэ Iэфкlэ яльагъур щыху гъащIэр,
Си лъэпкъым уэрэди Iурылыт.
Сэ схуэдэу ар щIэрэ гумащIэр,
Сигу пщIанэу ар уи Iэм Iэщ1эльщ.

Согуфlэ сатырхэр зэгъусэу
Си кьуэщхэм яхьилъэу слъэгъуам.
Гъэгу жьыкъэ утекъым шу гъусэу
Си гуапэт уэ мыри пщIыгъуам.

Сэ псальэу тхылъ напэм тестхахэр
Мы си псэм щыщ Iыхьэу зэхэльщ.
Си уэсу уигу пщтырым хуэсщахэр
Цlыху льапIэм хуэзгъафIэ гухэльщ.

Зы щIы кIапэм зыщырадз шы цIахуцIэм

Выгужь гьуаэу щIыгур зыщIоскъыскъэ,
ГъущI жыр пльаур дунейр зэщIэнащ.
Ар зыгъэнкIыфIыни щIыгум искъэ,
Гур тепыIэгъэншэу кьигъэнащ.

Зы щIы кIапэм кьыщалъху сабий дыгъэр,
Адрейм щэ фийм ар щIыуехьыж.
Къэушами яп5 льагъуныгъэр.
Зауэ гъуэгу губжьам зэIэпехьыж.

Зы щIы кIапэм зыщIырадз шы цIахуцIэм,
ШыгъэжапIэм Шагъдийр щагъэльъей.
Адрейр еуфэнщIыр ажал бдзапцIэм,
Бомбэ уам и хьуаскIэхэр щольей.

Зы щIы кIапэм щокIуэкI хьэгъуэлIыгъуэ,
ХьэгъуэлIыгъуэ джэгур щIакъуэтыкI,
Адрейм щамыIэ зы щIалэгъуэ,
Зи щIыхь яцэм нэпсыр щIекIутыкI.

Зи щIы кIапэм кьыщопс гухэль лыгъэр,
Адрейм кьэхьпхэр ныщопэкIу.
Мы дунейм тетынкъым гъащIэ дыгъэр
Зы щIы кIапи ди щIым хуэдэу зэкIу.

* * *

Уаем щIыр ирежьэ хуейм, зихьунщIэу,
Ирелыгъуэ нэкIущхьэ кьэпльэр.
Си дежь кьакIуэ, кьакIуэ, кьакIуэ псынщIэу,
ПфlэмыIуэхуу жьыбгъэ кьыпхуильар.
Псальэм и бгъэ щIыIухэр зэIусхьынщи,
И бгъэгу хуабэм сакьыу ущIэсльхьэнщ.
Сатырыфlу щIэр кьыхэсхынщи,
Си уэрэдри уэ пхуэзэхьльхьэнщ.

* * *

Уэшхыр уэру кьрекIут
Щ1игъальэу пэгункIэ,
Уафэгъуэ агъуэр темыкIуэт -
Уафэр нэщI хьуажнкIэ.
Пшэжьхэм я фэр пыкIыпауэ
Фlогъуэльхьэж кьырыжьхэм,
Псыхьэлыгъуэр етэпауэ
Дожьир гу льэужьхэм.

Гуфlэщауэ, уда гъэгъам
Щ1агъэжыр я нэпсыр,
Уэ уи Iэблэ сэ сIыгъам
Нэмыса уэшхыпсыр.

* * *

Сэ шы уанэр зэтесльхьэфу
Сигъэсащ гъуэгуанэм.
Iухэль ъси зэхэслкьэфу у
Сигъэсащ щы анэм.
Щ1эмэджыкIыр сIыгъыу удзым
Аргъынэр щыIэотхыр,
Зэщ1ищауэ дыгъэр гуэдзым
ПащI5 бзийр еутхыр...

Ей си хэку, уэ уиIэ лыгъэр,
Уэрэд тха зэхэльщ.
БанэнэкIэр, дыгъэгъныгъэр
Уэ пхэмыкIыы пхэльщ.

* * *

Бжейр щытащ пщIий бэвыр кьыпльэльэу,
Щ1ыушащ и дамэм кьуалэбзэр.
Мэз лэгъунэр абы хуэзщIэльэу
Нобэ джыдэ жаныр егъэзэр.
Ар мэгуIэр, йощIэр лъэныкIьуабзэу,
Зэщ1эскъыскъьэу зэуи мэуфэрэнкI
Иджы, мис, цlыхугур игъэхуабэу
Дэпэр жьэгужь мафIэм кьыщопIэнкI.

МафIэм есыр пхъэр - текIуауэ лыгъэр,
Жьхэ фIэкI зы кьыхэмынэж.
Бжейр кьыззэщIэнащи - иIа лыгъэр
Цlыхум и гум хуабэу иретыж.

* * *

Псым мыл джанэ Iувыр кьыщихыну
Дыгъэ кьепсым ткIуаткIуэу егъэжьщI.
Ъатхэм тепIэн хужьыр трихыну,
Сэрэ уи нэм уэсыр ягъэтхIу сфIощI.
СфIощIыр яп5у уиъэзгъэтауи,
Сэ куэд щIауэ усцIыхуу щытауи...

Уи псальэмакъ гуапэр зэхэсхынум,
Щ1ы хьурейр зэпысчыфын сэ сфIощI.
Губгъуэ удэхэм зыкьызэIу ахынум,
Уэ зэ щIупльамэ гъагъэ сфIощI.
СфIощIыр яп5у уэ укьэзгъэтауи,
Сэ куэд щIауэ усцIыхуу щытауи...

Сэ гухэль уэрэди зэхэсльхьамэ
Умыщ1ж эу ар фэепль пху зощI.
Ди гъэмахуэ губгъуэм уинхьамэ,
Щ1хьэмыж гъуэплъхэр кьоIущащэ сфIощI.
СфIощIыр яп5у уэ укьэзгъэтауи,
Сэ куэд щIауэ усцIыхуу щытауи...

Хьэрэмыншэу мы дунейр зэхэльу
Щ1хьуакIэплъыкIэ дахэм щIыльэр йощI.
Щ1ым и фIыгъуэ псори уэ пIэщIэльу
Дыщэплъ бжьыхьэр сэ уэрауи сфIощI.
СфIощIыр яп5у уэ укьэзгъэтауи,
Сэ куэд щIауэ усцIыхуу щытауи...

* * *

Си дежь кьакIуэ, нэхущ дыхьэрэным
Кьуэкlыплэм и Iупхъуэр щичэтхъам.
Си деж кьакIуэ, дыгъэ бзийр гуэрэным
Щ1ыр бэвырэ хьэсэу щритхъам.

Си деж кьакIуэ, бгъэнэхунущ си гур,
Си жэщ кIыфIыр, си гъуэгуанэ ткIийр.
Си деж кьакIуэ, бгъэхуэбэнущ си гур,
Зблэлъэтынущ кьысхуэкIуам щэ фийр.

Си деж кьакIуэ, удзыр кьыщыгъагъэм,
Щ1ыр дэхъейуэ уафэр щыгъуэгъуам.
Си деж кьакIуэ, бзуэр кьыщеблагъэм,
Кьырхэр, псыдзэр фIыуэ уэ пльэгъуам.

Си деж кьакIуэ, ущыхуей сыхьэтым,
Мы дунейр си гъусэу кьыпIущIэнщ.
Си гур пщащхъуэ щтауэ сIэщIэльэтым,
Уэ си г ууэ инри зыхопщIэнщ...

* * *

Къ.Хь.

Си гур сэ тхылъ напэу зэтызодз,
Си гум Шагъдий жэрэ зынызодз.
Си гум сочэнджэщ дакьыкъэ къэс,
Си гур зауэзэжьынуи сохьэр шэс.
Си гум сэ кьыззжIэр лIыфI уэрэдщ,
Си гум лIыгъэ щIэныр и мурадщ.
Си гум гумащIагъэр Iэфlу хэльщ,
Си гу пщIанэр щIыпхъэ уэ пIэщIэльщ.
Си гум, кхъыIэ, уэ уримыджэгу,
Си гум уэ егъэщI гуфIэгъуэ дэкIу.
Си гур згъэпльу дыгъэбзийм соIуб,
Си гур усэм хэлкIэ умыуб...

* * *

Си гум кьиIукIырт щIыльэм и гызыр
ЗауэлIым и псэр щIта сыкьэтым.
ФIыуэ илъагурт бынхэр, и фызыр, -
Кьэмыкlуэжа сэлэтым.
Псэкlэ кьизэурт ди текIуэныгъэр
Зи фызэ кьэшэгъэр мафIэм щыхэтым.
Псэр итырт, ящIыну фIыльагъуныгъэр -
Кьэмыкlуэжа сэлэтым...

Анэ щхьэц тхъуари нобэ тогуIэ
А щIалэм ейуэ кьэна сурэтым.
Дияуэ кьоплъыр - зыри жимыIэ
Кьэмыкlуэжа сэлэтым.

* * *

Сыпхуэмызэм сыпхуоэзэш сосауэ,
Си гупсысэм уэ ухэль эпытщ,
Ди Iупэ жьэражьэр зэIусауэ
Сэ кьысфIэщIу си Iум уIурытщ.

* * *

Уэ удах эщ, уэзкIуэ,
ГъащIэ дыгъэуи упэжщ.
Щ1алэм и гум тешIэу угъэ,
Майуи урегъагъэ!

* * *

Уи пхъэху ейхэр дахащэу иБзащи,
Зи ишэгъуэ хъыджэбзуи екIуц,
Апхуэдизкlэ уи гуэлхэр жэбзащи,
О Россие, уигу кьабзэм и нэкIущ.
Жьым тенджызу щIупскIэ уи мэзым
Си Шэджэм и акъужьр сIэпех.
Пушкин гуапэу хуэусэрт Кавказым,
Iуащхьэмахуэ ар ноби зэхех.

ГъащIэ фIыгъу эу уи дыгъэр сIэщIэльщи,
Уи хьэ л посри къэсщIауэ схэльщ.
Дэ зы щIыгум и бгъафэ дыщIэльщи,
Ди быдзышэ тIуми зэIульщ.

* * *

- Дэнэ уи усэр, Алим, кьызидпхыр?
- Си гум и хъуаскIэу зэхуэзохьэс!
Ди адыгэщIым ар кьыхьызохьэр.
Адыгэ уафэу нуру кьысхуопс!
- Дауэ зэрыштхыр уи гухэль тхыгъэр?
- Сэлэт гъуэгуанэм лъыкIэ тестхащ!
Къамэдзэ жанкIэ ди текIуэныгъэр,
Кьырхэм я натIэм усэу истхащ!

- Дауэ уэрэдыр уэ зэрыбусыр?
Уэрэдыр си пкъым псэуэ пкъырытщ!
Ар си лъэпкъ гуапэм сэ кьыздеусыр,
Си Хэку пшынальэу, гъащIэу сIурытщ!

* * *

Хуэрэджэхэр щыгъэгъащ ди хадэм,
И гум щызу щIыри бэуэжащ.
ПхъэщхьэмыщIыкъ жыгхэри си адэм
Игъэкабзэу яхэувэжащ.
Жыг къудамэу нэщIхэр игъэбжьыфIэу
Бзуэхэм я пшынальэр щызэхох.
Щ1ыльэ тыгъэу цIыхухэмэ нэщхьыфIэу
Яп5 удз гъэгъахэр зэIэпах.

Щ1ащхащи я бэльтор хьуджжбзхэм,
Щ1алэхэрэм мэхьур нэхъ пIейтей.
Нобэ, гъатхэм ещхьу, ди цIыубз хэм
Щ1ыгатIагъэр дахэу я босцейр.

* * *

Си гур исльхьэнуг уи Iэгу хужь щабэм,
Ауэ сошынэр щIезгъэжьыкIын.
Зыныхуэсхьынуг уи бгъафэ хуабэм,
Ари пхуэхьыну кьыщIэмыкIын.
Си Iэр щIыгу фIыгъуэм гуапэу йоIуэсэ,
Тенджызэ толькьунхэм щохьур кьэякъ.
Кьамэу гу пщIанэм абы зыхасэ,
Си гум и хъуаскIэм, дахэ, хуэсакъ.

Ар согузавэр кьыплъэIэсынкIэ,
Сигу щыпыльэтхкIэ щIыкIым зы макъ.
Абы умыщIэу хъунущ унсынкIэ.
Си гум и хъуаскIэм, дахэ, хуэсакъ.

* * *

Нжущ пщэплъыр мэжьэражьр гъуапльэу,
Мэбауэр щхьэгъубжэ зэIуздар.
Мэжейр пщащэр щIыфIэ нэхур кьапльэу,
Екуэхащ шхыIэн зытридзар.
Мы Iэрыс хъуэу бгъэгуху пщIанэм
Жьыбгъэ кьабзэм фIэкI лъэмыIэса,
Ар мэжейр кьэзырильхуэрэ и анэм,
Ар кьыщIыушынми нэмыса...

Ар гъащIэм и Iэгум нуру кьопсри,
Псэ зыIутым кIэзызу кIэпольэ.
Хуэтмысфынкъым зы суратыщI Iээи
Апхуэдизэ кьабзагъэ зыбгъэдэль.



● Гъуэзджэм и лэжьакIуэ щIэрыIуэжэр

УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, скульптор Тхьэкlумашэ Михаил.

● КъБР-м и МВД-м къет

Хабзэхъумэхэр зыукIахэр къалъыхъуэ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м «Прохладный - Эльбрус» гъуэгум и 26-нэ километрым и Iэшэлъашэм деж милицэм и лэжьакIуэхэм Iэщ1экIэ къащытеуащ. Абы хэкIуадащ Бахьсэн муниципальнэ районым и ОВД-м и ДПС-м и инспектор, 1984 гъэм къалъхуа Тхьэкlумащ1э Хьэсэн, 1969 гъэм къалъхуа, милицэм и капитан Аджий Адмир, Бахьсэн РОВД-м и пльыр-пост Iуэхущ1апIэм и милиционер, 1981 гъэм къалъхуа Кьанло Хьусен сымэ.



Аджий Адмир



ТхьэкIумащIэ Хьэсэн



Кьанло Хьусен

Бзаджащ1эхэм ядыгъуащ АКМ автоматитI, ПМ кIэрахьуэ.

Щ1эпхъащ1агъэр зыщыхъуэа щIыпIэм щолажьэ УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущ1апIэ КъБР-м щыIэм, УФ-м и Прокуратурэм и следственнэ комитету КъБР-м щыIэм, КъБР-мкIэ МВД-мрэ УФ-м и МВД-м и управленэу Ищэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и «Т» центрымрэ я лэжьакIуэхэр зыхэт гупыр.

Шэч зыхуащIхэр хэтми яубзыхуащ. Ахэр:

- **Къарэщ1ыкIу Аслъэн Заурбий и къуэр,** 1974 гъэм къалъхуар, Дыгулыбгъуэй къуажэ, Ленинным и уэрамым тет 244-нэ унэм щыпсэур;

И тепльэр: см 170-рэ и льагагъщ, зыIэщIэльщ, щхьэц фIыщIэщ, кIэщу щIэщащ, нэкIу кIыхьщ.

Щ1ыгъар: футболкэ фIыцIафэ, спорт гъуэнщ1эдж щIыку, сэндал.

- **Байрами Рэмэзан Иракиим и къуэр,** 1983 гъэм къалъхуар Псыкlэху къуажэ, Ленинным и уэрамым тет 143-нэ унэм щыпсэур;

И тепльэр: см 170-рэ и льагагъщ, зыIэщIэльщ, щхьэц фIыщIэщ, кIэщу щIэщащ, нэкIу кIыхьщ.

Щ1ыгъар: джинс гъуэнщ1эдж щIыку-фIыцIафэ, спорт курткэ фIыщIафэ.

- **Бжьэй Iуэлъэдин Мухьэмэд и къуэр,** 1977 гъэм къалъхуар, Дыгулыбгъуэй къуажэ, КIуэкIуэм и уэрамым тет 40 унэм щыпсэур.

УФ-м и Прокуратурэм и следственнэ комитету КъБР-м щыIэм уюловнэ Iэху кIэнэтащ 226-нэ статьям и «б» пунктым и 4-нэ Iыхьэм, 22-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 317-нэ статьям, 166-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ.

Республикэм и административнэ гъунапкъэхэр хьуэныр, къэпщытэныгъэ Iуэхуэр нэхъри щIагъэхуэбжащ, хэхауэ я нэIэ щIагъэуващ транспорту щызекIуэр.

Къалъхьэхуэхэм я хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ, дынвольэу фыкьэпсэльэну мы телефонхэмкIэ:

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэ: 47-15-16; КъБР-м щыIэ МВД: 40-49-10;

КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэтыхьуэныгъэмкIэ и управленэ: 47-65-82

УФ-м и Прокуратурэм и следственнэ комитету КъБР-м щыIэр: 40-46-15.

Мыхьэнэ зиIэ хъыбар къызыбгъэдэкIыр хэтми хэIущIыIу ящIынукъым, ахъшэшхуэ иратынущ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ десантникхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Хьэуэ-десантыдзэхэм я махуэр гъэпсэфIапIэм зыхуэгъэхьазырыным теухуа зэIущIэм фыхэтыну фыкъыдогъэблагъэ.

Зэ1ущIэр бадзэуэгъуэм и 17-м сыхьэтыр 17-м Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ 53-нэм (Профсоюзхэм я администрацэм и унэм) и етIуанэ къатым и пэшышхэм щекIуэкIынущ.

Фыщыщ1эупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: **Афганистаным и ветеранхэм я союз - 425-719**.

Налшык къалэм и дзэ комиссариатым контракткIэ дзэ къулыкъым иреджэ запасым щыIэхэу зи ныбжьыр илъэс 40-м нэмыса цIыхухэр. Иужькlэ ахэр ягъэкIуэнущ прапорщикхэм я школым.

Лэжьапщ1эр инц - сом мини 10-м къащыщ1эдзауэ мин 25-м нос.

Контракткlэ дзэ къулыкъым пэрыхьэну хуейхэм захуэзгъаз-эз Налшык къалэм и дзэ комиссариатым. И щ1эупэр: **Красноармейскэ уэрам, 26, 24-нэ пэш, телефоныр: 44-10-83**.

КъБР-м и Президентым и Администрацэмрэ и Iуэхуэр зегъэкIуэнымкIэ Iэнатlэмрэ щылажьэхэр хуогузавэ секретариатым и унафэщI **Кьалэ Замир Iуэс и къуэм** абы и анэ **Кьалэ Кьурал Темыр и пхъур** дунейм зэрехьыжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ я къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; гъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIыныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м

№Н-0065-м щIэту яту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхь и полиграфкомбинат. Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истепан Залиновичэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1,2-нэ нап.), Табыш Динарэ (3,4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.

Щ1ытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.008●Заказ №2312